

Yon Mesaj Ki Sòti Nan Depatman Pou Zafè Granmoun Aje Nan Florid



Magre pa gen yon danje egzat ki menase Florid, meyè defans kont yon atak teworis se pou nou prepare. Nan ka ta va gen yon atak nan Florid oubyen nan zonn kote ou rete a, nou vle bay ou kèk enfòmasyon ki ka ede ou asire sekirite ou. Menm teknik ou sèvi pou prepare pou lòt dezaz yo se anpil nan menm teknik sa a yo ou dwe sèvi pou prepare sizoka ta gen yon atak teworis.

- ✓ Gade sanfwa ou epi gen pasyans.
- ✓ Koute estasyon radyo epi gade televizyon zonn ou pou resevwa nouvel ak enfòmasyon fre yo ap bay.
- ✓ Mete tout bèt nan yon kote ki gen sekirite
- ✓ Chache konnen kote tout bagay lou ki ka deplase oubyen kase, ki ka tonbe oubyen pran dife ye nan kay la.
- ✓ Chache jwenn yon chanm nan kay la ki gen sekirite.
- ✓ Si ou nan yon zonn ki afekte, kontakte ajans ki bay sèvis oubyen anplwaye sèvis sosyal pou chache konnen si yo ap kontinye bay sèvis.

Yon aspè enpòtan nan preparasyon an se pou kenbe plan pèsònèl ou pou lè gen dezaz epi bwat atik pou ka ijans yon kote ou ka jwenn yo fasil. Ou ap jwenn pi ba a yon lis atik yo rekòmande pou mete sou lis atik ou bezwen pou ka ijans.

Lis Bagay Ou Bezwen Pou Ka Ijans

- ☐ Dlo - Yon galon pa jou pou chak moun. Mete dlo a nan yon bagay ki byen fèmen, ki pa ka kraze epi ou ka sèvi fasil.
- ☐ Manje ki pap gade mete ladan yo manje espesyal yo rekòmande pou manje.
- ☐ Rad derechanj
- ☐ Bagay pou fè pwòpte kò ou
- ☐ Nimewo telefòn fanmi ou ak zanmi ou kap viv nan zonn nan oubyen nan yon lòt zonn epi tou nimewo telefòn ajans ki bay sèvis nan zonn nan oubyen travayè sosyal ou.
- ☐ Bwat atik pou ka ijans.
- ☐ Preskripsyon medikal, lis medikaman ak fason pou pran yo, epi lis tout bagay ou alèji ak yo
- ☐ Yon linèt anplis ak/oubyen batri pou aparèy pou tande
- ☐ Lis mak ak nimewo fabrik aparèy medikal tankou pesmekè
- ☐ Kat asirans medikal oubyen kat Mediked
- ☐ Lis tout doktè ou ak fanmi oubyen zanmi yo dwe rele anka ou ta blese



**SI OU GEN NENPÒT KESYON
SOU FASON POU PREPARE
POU NENPÒT DEZAS, TANPWI
KONTAKTE AJANS KI BAY
SÈVIS NAN ZONN OU OUBYEN
TRAVAYÈ SOSYAL OU.**

**NIMEWO TELEFÓN AJANS KI
BAY SÈVIS NAN ZONN
NAN OUBYEN TRAVAYÈ
SOSYAL OU.**

NIMEWO TELEFÓN ENPOTAN
